

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.

5.1 KACINDEKAN

Dumasar kana hasil panalungrtikan kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 bisa dicindekeun jadi sababaraha hal saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 20203/2024 saméméh ngagunakeun média *genially* kaasup kana katégori “kurang” kalawan rata-rata peunteun 64,32. Anapon aspék-aspék nu dipeunteunna nyaéta: (a) eusi anu rata-rata skorna 17,4 tina skor maksimal 30, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh aspék eusi aya dina katégori “sedeng-cukup”; (b) organisasi anu rata-rata skorna 13,64 tina skor maksimal 20, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh organisasi aya dina katégori “sedeng-cukup”; (c) kosa kecap anu rata-rata skorna 13,32 tina skor maksimal 20, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh kosa kecap aya dina katégori “sedeng-cukup”; (d) Adegan Basa anu rata-rata skorna 16,68 tina skor maksimal 25, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh Adegan Basa aya dina katégori “sedeng-cukup”; (e) mékanik anu rata-rata skorna 3,28 tina skor maksimal 5, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh mékanik aya dina katégori “sedeng-cukup”. Hartina siswa masih kénéh kurang maham kana aspék-aspék dina nulis sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 sabada ngagunakeun média *genially* kaasup kana katégori “hadé” kalawan rata-rata peunteun 83,48. Anapon aspék-aspék nu dipeunteunna nyaéta: (a) eusi anu rata-rata skorna 25,32 tina skor maksimal 30, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh aspék eusi aya dina katégori “cukup-hadé”; (b) organisasi anu rata-rata skorna 16,6 tina skor maksimal 20, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh organisasi aya dina katégori “cukup-hadé”; (c) kosa kecap anu rata-rata skorna 17,28 tina skor maksimal 20, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh kosa kecap aya dina katégori “cukup-hadé”; (d) Adegan Basa anu rata-rata skorna 17,88 tina skor maksimal 25, ieu hal nuduhkeun yén kamampuh Adegan Basa aya dina katégori “sedeng-cukup”; (e) mékanik anu rata-rata skorna 3,88 tina skor maksimal 5, ieu hal nuduhkeun yén

kamampuh mékanik aya dina katégori “sedeng-cukup”. Hartina siswa geus maham kana aspék-aspék dina nulis sisindiran.

Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *genially*. Katitén tina nilai rata-rata kamampuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *genially* nyaéta 64,32 sedengkeun hasil kamampuh nulis sisindiran sabada ngagunakeun média *genially* peunteun rata-ratana 83,48. Bédana kamampuh nulis sisindiran siswa keals VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *genially* dibuktikeun ku cara uji hipotésis. Uji statistik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *statistic parametric* kalawan uji *paired sample T-test*. Nilai signifikansina nyaéta $0,000 < 0,05$ ku kituna H_0 ditolak jeung H_1 ditarima. Ku kituna bisa dicindekkeu yén aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa keals VIII-C SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *genially*. Hartina, média *genially* éfektif pikeun pangajaran nulis sisindiran.

5.2 IMPLIKASI

Dumasar hasil ahir panalungtikan, larapna média *genially* dina pangajaran sisindiran téh bisa ditarima ku siswa. Ku ayana média *genially*, siswa bisa dilatih daya pikirna jeung bisa leuwih aktip dia kagiatan diajar. Ku kituna, média *genially* sacara langsung bisa mantuan guru pikeun matotoskeun pasualan dina pangajaran nulis sisindiran. Ieu média ogé bisa numuwuhkeun tur mekarkeun ide sarta kréativitas boh ti siswa boh ti guru. Salian ti éta, ku digunakeunna ieu média téh bisa ngaronjatkeun sumanget diajar siswa tur dina prak-prakanna siswa bisa fokus dina migawéna. Média *genially* mangrupa kaulinan anu bisa dirobah jadi média pangajaran anu eusina aya paréntah, pertanyaan, tur tantangan ngeunaan matéri nulis sisindiran sangkan siswa bisa ngamekarkeun ide. Ieu hal anu jadi cukang lantaran peunteun siswa jadi leuwih hadé sabada ngagunakeun média *genially*. Bisa dicindekkeun yén média *genially* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran nulis sisindiran.

5.3 REKOMENDASI

Dumasar kana kacindekan di luhur yén média *genially* éfektif pikeun kamampuh nulis sisindiran, ku kituna dina ieu bagian baaris dipedar rékoméndasi ti panalungtik sangkan panalungtikan satuluyna bisa leuwih hadé, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Média *genially* téh éfektif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis sisindiran, ku kituna ieu modél bisa dijadikeun alternatif keur guru dina ngagunakeun média anu inovatif hususna dina pangajaran nulis sisindiran.
- 2) Dina ieu panalungtikan aya sawatara hal nu kudu diperhatikeun utamana nalika ngagunakeun média *genially* dina pangajaran sisindiran, nyaéta (1) kudu bisa ngararancang kgiatan pangajaran kalawan merenah tur kudu puguh runtuyanana, (2) kudu bisa ngokolakeun waktu tur ngondisikeun siswa sangkan bisa tertib nalika lumangsungna prosés diajar.
- 3) Kahareupna perlu diayakeun deui panalungtikan ngagunakeun média *genially* dina pangajaran basa Sunda sangkan hasil bahan pangajaran bisa leuwih interaktif tur inovatif.